

## TI KATECHIS WESTMINSTER

### Avèk Pasaj Biblik

---

#### 1. Pou ki bi prensipal lòm ekziste?

Bi prensipal ekzistans lòm se pou l bay Bondye glwa<sup>1</sup> epi pou l pran plezi li nan Bondye pou tout tan.<sup>2</sup>

1. *1 Korentyen 10 :31* ; 2. *Sòm 73 :25*

#### 2. Ki règ Bondye te bay pou montre nou kòman pou nou ba li glwa epi pran plezi nou nan li?

Pawòl Bondye a ki ekri nan Ansyen ak nan Nouvo Testaman an<sup>1</sup> se sèl règ ki pou montre nou kòman pou nou bay Bondye glwa epi pran plezi nou nan li.<sup>2</sup>

1. *Efezyen 2:20*; 2. *1 Jan 1:3*

#### 3. Ki bagay prensipal Bib la anseye?

Bagay prensipal Bib la anseye se sa lòm bezwen kwè sou Bondye, ak sa Bondye ekzije lòm kòm devwa.<sup>1</sup>

1. *2 Timote 1:13*

#### 4. Kisa Bondye ye?

Bondye se yon Lespri<sup>1</sup> ; li pa gen bout<sup>2</sup>, li etènèl<sup>3</sup>, epi li pa ka chanje<sup>4</sup>, nan ekzistans<sup>5</sup> li, nan sajès<sup>6</sup> li, nan pouvwa<sup>7</sup> li, nan sentete<sup>8</sup> li, nan jistis<sup>9</sup> li, nan bonte li ak nan verite<sup>10</sup> li.

1. *Jan 4 :24* ; 2. *Jòb 11 :7* ; 3. *Sòm 90 :2* ; 4. *Jak 1 :17* ; 5. *Ekzòd 3 :14* ; 6. *Sòm 147 :5* ; 7. *Revelasyon 4 :8* ; 8. *Revelasyon 15 :4* ; 9. *Ekzòd 34 :6, 7*.

#### 5. Eske genyen plis pase yon sèl Bondye?

Genyen yon sèl Bondye<sup>1</sup>: Bondye ki vivan an epi ki vre a<sup>2</sup>.

1. *Detewonòm 6:4*; 2. *Jeremi 10:10*.

#### 6. Konbyen Pèsòn ki genyen nan Bondye ?

Genyen twa Pèsòn nan Bondye: Papa a, Pitit la ak Sentespri a<sup>1</sup>. Touletwa sa yo se yon sèl Bondye, yo menm bagay nan sa yo ye, yo egal nan pouvwa yo ak nan laglwa yo<sup>2</sup>.

1. *Matye 28 :19* ; 2. *1 Jan 5 :7, 8*.

#### 7. Kisa dekrè Bondye yo ye?

Dekrè Bondye yo se detèminasyon Bondye depi tout tan pou li kòmande davans tout bagay ki pral pase, dapre konsèy volonte li, epi pou pwòp laglwa li<sup>1</sup>.

1. *Efezyen 1:11, 12*

#### 8. Kòman Bondye ekzekite dekrè li yo?

Bondye ekzekite dekrè li yo nan travay kreyasyon<sup>1</sup> li ak nan travay providans li<sup>2</sup>.

1. *Revelasyon 4:11*; 2. *Danyèl 4:35*

### **9. Kisa travay kreyasyon an ye?**

Travay kreyasyon an se tout bagay Bondye fè san li pa sèvi ak anyen<sup>1</sup>. Li fè yo ak pouvwa pawòl li<sup>2</sup>, nan espas si jou, epi tout sa li fè te bon nèt ale<sup>3</sup>.

1. *Jenèz 1 :1* ; 2. *Ebre 11 :3* ; 3. *Jenèz 1 :31*

### **10. Kòman Bondye te kreye lòm?**

Bondye te kreye lòm gason ak fi, dapre pwòp imaj li<sup>1</sup>, nan konesans, nan jistis, ak nan sentete<sup>2</sup>, avèk pouvwa li ba li pou l domine sou kreyati yo<sup>3</sup>.

1. *Jenèz 1 :27* ; 2. *Kolosyen 3 :10* ; 3. *Jenèz 1 :28*

### **11. Kisa travay Pwovidans Bondye ye?**

Travay Providans Bondye se jan Bondye prezève epi gouvène tout kreyati li yo ak aksyon<sup>1</sup> yo nan yon fason ki sen<sup>2</sup>, ki saj<sup>3</sup>, epi ki puisan<sup>4</sup> anpil.

1. *Sòm 145 :17* ; 2. *Ezayi 28 :29* ; 3. *Ebre 1 :3* ; 4. *Sòm 103 :19* ; *Matye 10 :29*.

### **12. Ki travay pwovidans espesyal Bondye te fè pou lòm nan kondisyon Bondye te kreye l la?**

Lè Bondye te kreye lòm, li te fè yon alyans pou lavi avèk li, ak kondisyon pou li obeyi Bondye san mank<sup>1</sup>. Li te defann lòm manje nan pye bwa konesans byen ak mal la, sou pèn lanmò<sup>2</sup>.

1. *Galat 3 :12* ; 2. *Jenèz 2 :17*.

### **13. Eske premye paran nou yo te kontinye viv nan kondisyon Bondye te kreye yo a?**

Premye paran nou yo ke Bondye te kite ak libète pwòp volonte yo, te pèdi kondisyon Bondye te kreye yo a, lè yo te peche kont Bondye<sup>1</sup>.

1. *Eklezyas 7 :29*

### **14. Kisa peche ye?**

Peche se tout mankman pou nou konfòme nou ak lalwa Bondye; se vyolasyon lalwa Bondye<sup>1</sup>.

1. *1 Jan 3 :4*

### **15. Nan ki peche premye paran nou yo te tonbe ki fè yo te pèdi kondisyon yo te ye lè Bondye te kreye yo a?**

Peche ki fè premye paran nou yo pèdi kondisyon yo te ye lè Bondye te kreye yo a se manje yo te manje fwi nan pye bwa Bondye te defann yo manje a<sup>1</sup>.

1. *Jenèz 3 :6-8*

### **16. Eske tout limanite te tonbe nan premye peche Adan an?**

Alyans Bondye te fè ak Adan an pa t pou li menm sèlman, men pou tout posterite li<sup>1</sup>. Tout limanite ki se desandan Adan nan jenerasyon òdinè te peche nan li, epi yo tonbe avèk li nan premye transgresyon li a<sup>2</sup>.

1. *Jenèz 1 :28 ; 2 :16 ; 2. Women 5 :18.*

### **17. Nan ki kondisyon tonbe nan peche a te mennen limanite?**

Tonbe nan peche a te mennen limanite nan yon kondisyon peche ak mizè<sup>1</sup>.

1. *Women 5 :12*

### **18. Kisa ki genyen nan kondisyon peche sa a kote lòm te tonbe a?**

Eta peche sa a kote lòm te tonbe a genyen ladan l peche Adan an ki rann nou koupab<sup>1</sup>, mankman jistis Bondye ke lòm te genyen avan peche a<sup>2</sup>, ak koripsyon tout nati lòm ke yo rele peche orijinèl<sup>3</sup>, ansanm avèk tout transgresyon ki soti nan peche sa a<sup>4</sup>.

1. *Women 5 :19 ; 2. Women 3 :10 ; 3. Efezyen 2 :1 ; Sòm 51 :7 ; 4. Matye 15 :19, 20.*

### **19. ki kalite mizè ki genyen nan eta peche sa a kote lòm te tonbe a?**

Paske tout limanite tonbe nan peche a, yo pèdi kominyon yo ak Bondye<sup>1</sup>, epi yo anba kòlè ak malediksyon Bondye<sup>2</sup>. Poutèt sa, yo kapab tonbe anba tout mizè lavi sa a, yo kapab menm mouri epi tonbe anba soufrans lanfè pou tout tan<sup>3</sup>.

1. *Jenèz 3 :8 ; 2. Efezyen 2 :3 ; Galat 3 :10 ; 3. Women 6 :23*

### **20. Eske Bondye te kite tout limanite peri nan kondisyon peche ak mizè a?**

Bondye, pou bon plezi pa l, depi letènite, te chwazi kèk moun pou l ba yo lavi etènèl<sup>1</sup>. Li te fè yon alyans lagras pou l ka delivre yo soti nan kondisyon peche ak mizè a, epi pou l mennen yo nan kondisyon sali a pa mwayen yon redamntè<sup>2</sup>.

1. *Efezyen 1 :4 ; 2. Women 3 :21, 22.*

### **21. Kilès ki redamntè moun Bondye chwazi yo?**

Sèl Redamntè moun Bondye chwazi yo se Seyè Jezi Kris<sup>1</sup>. Li menm ki se Pitit Bondye depi letènite, li te vin tounen lòm<sup>2</sup>. Se Bondye ak lòm li te ye epi se sa li kontinye ye; li ekziste an de nati ki pa mele, epi li se yon sèl pèsòn<sup>3</sup> pou tout tan<sup>4</sup>.

1. *1 Timote 2 :5 ; 2. Jan 1 :14 ; 3. Women 9 :5 ; 4. Ebre 7 :24*

### **22. Kòman Kris, Pitit Bondye a, te vin tounen lòm?**

Kris, Pitit Bondye a, te vin tounen lòm, lè li te pran pou tèt pa l yon kò ki vre<sup>1</sup> ak yon nanm ki gen larezon<sup>2</sup>. Li te fòme ak puisans Sentespri a nan vant la vyèj Mari ; li te fèt nan li<sup>3</sup>, men li te san peche<sup>4</sup>.

1. *Ebre 2 :14* ; 2. *Matye 26 :38* ; 3. *Lik 1 :31, 35* ; 4. *Ebre 7 :26*

### **23. Ki fonksyon Kris okipe kòm Redanmtè nou?**

Kris, Redanmtè nou an, okipe fonksyon Pwofèt<sup>1</sup>, Prèt<sup>2</sup> ak Wa<sup>3</sup>, nan kondisyon imilyasyon l ak nan kondisyon ekzaltasyon l.

1. *Travay 3 :22* ; 2. *Ebre 5 :6* ; 3. *Sòm 2 :6*

### **24. Kòman Kris ekzekite fonksyon yon pwofèt?**

Kris ekzekite fonksyon yon pwofèt lè li revele nou<sup>1</sup> pa mwayen Pawòl<sup>2</sup> li ak Lespri li<sup>3</sup>, volonte Bondye pou sali nou.

1. *Jan 1 :18* ; 2. *Jan 20 :31* ; 3. *Jan 14 :26*.

### **25. Kòman Kris ekzekite fonksyon yon prèt?**

Kris ekzekite fonksyon yon prèt, lè li ofri tèt pa l yon fwa pou tout kòm sakrifis pou satisfè jistis Bondye<sup>1</sup>, pou rekonsilye nou ak Bondye<sup>2</sup>, ak lè li kontinye plede pou nou devan Bondye<sup>3</sup>.

1. *Ebre 9 :28* ; 2. *Ebre 2 :17* ; 3. *Ebre 7 :25*

### **26. Kòman Kris ekzekite fonksyon yon wa?**

Kris ekzekite fonksyon yon wa, lè li fè nou soumèt nou devan li<sup>1</sup>, lè li dirije nou ak lè li defann nou<sup>2</sup>; lè li bay lènmi nou yo limit yo, epi lè li pote viktwa sou tout lènmi li yo ak sou tout lènmi pa nou yo<sup>3</sup>.

1. *Sòm 110 :3* ; 2. *Ezayi 33 :22* ; 3. *1 Korentyen 15 :25*

### **27. Kisa ki te genyen nan imilyasyon Kris la?**

Imilyasyon Kris la te genyen ladan l nesans li nan yon kondisyon ki ba anpil<sup>1</sup>. Li te fèt sou la lwa<sup>2</sup>, li te pase mizè nan lavi sa a<sup>3</sup>, li te anba kòlè Bondye<sup>4</sup>, epi li te pran lanmò madichon sou lakwa a<sup>5</sup>. Li te antere epi li te rete anba pouvwa lanmò pandan yon tan<sup>6</sup>.

1. *Lik 2 :7* ; 2. *Galat 4 :4* ; 3. *Ezayi 53 :3* ; 4. *Matye 27 :46* ; 5. *Filipyen 2 :8* ; 6. *Matye 12 :40*

### **28. Kisa ki te genyen nan ekzaltasyon Kris la?**

Ekzaltasyon Kris la se lè li te leve ankò soti nan lanmò sou twazyèm jou a<sup>1</sup>, lè li te monte nan syèl la, lè li chita adwat Bondye Papa a<sup>2</sup>, ak lè li va vini pou jije lemond nan dènye jou a<sup>3</sup>.

1. *1 Korentyen 15 :4* ; 2. *Mak 16 :19* ; 3. *Travay 17 :31*

### **29. Kòman nou kapab patisipe nan redanmsyon Kris te achte a?**

Nou vin patisipan nan redanmsyon Kris te achte a, lè Sentespri a<sup>1</sup> mete aplikasyon redanmsyon an nan nou nan yon fason ki efikas<sup>2</sup>.

*1. Tit 3 :5 ; 2. Jan 1 :12*

### **30. Kòman Sentespri a mete aplikasyon redanmsyon Kris te achte a nan nou?**

Sentespri a mete aplikasyon redanmsyon Kris te achte a nan nou, lè li mete lafwa<sup>1</sup> nan nou. Lè sa a, li ini nou ak Kris nan apèl efikas nou<sup>2</sup>.

*1. Efezyen 2 :8 ; 2. Efezyen 3 :17 ; 1 Korentyen 1 :9*

### **31. Kisa apèl efikas la ye?**

Apèl efikas la se travay Sentespri Bondye a<sup>1</sup>, kote li konvenk nou de peche nou ak mizè nou<sup>2</sup>; li eklere lespri nou nan konesans Kris la<sup>3</sup>, li chanje volonte nou; li fè nou gen volonte<sup>4</sup> ak kapasite pou nou aksepte Jezi Kris, gras a òf gratis nou jwenn nan Levanjil la<sup>5</sup>.

*1. 2 Timote 1 :9 ; 2. Travay 2 :37 ; 3. Travay 26 :18 ; 4. Ezezyèl 36 :26 ; 5. Jan 6 :44*

### **32. Ki benefis sila yo ki jwenn apèl efikas la patisipe nan lavi sa a?**

Sila yo ki jwenn apèl efikas la patisipe nan lavi sa a nan jistifikasyon<sup>1</sup>, adopsyon<sup>2</sup>, sanntifikasyon ak tout kantite lòt benefis ki akonpanye yo oubyen ki soti nan yo nan lavi sa a<sup>3</sup>.

*1. Women 8 :30 ; 2. Efezyen 1 :5 ; 3. 1 Korentyen 1 :30*

### **33. Kisa jistifikasyon ye?**

Jistifikasyon se yon aksyon lagras gratis Bondye kote li padone tout peche nou yo<sup>1</sup>, epi li aksepte nou kòm moun ki jis devan li<sup>2</sup>, sèlman akòz jistis Kris la ke li mete sou nou<sup>3</sup>, e ke nou resevwa pa lafwa sèlman<sup>4</sup>.

*1. Efezyen 1 :7 ; 2. 2 Korentyen 5 :21 ; 3. Women 5 :19 ; 4. Galat 2 :16.*

### **34. Kisa Adopsyon ye?**

Adopsyon se yon aksyon lagras gratis<sup>1</sup> Bondye lè li resevwa nou pami ptit li yo, epi li ban nou dwa nan tout privilèj pitit Bondye yo<sup>2</sup>.

*1. 1 Jan 3 :1 ; 2. Jan 1 :12 ; Women 8 :17.*

### **35. Kisa sanntifikasyon ye?**

Sanntifikasyon se travay lagras gratis<sup>1</sup> Bondye kote li chanje nou nan tout nou menm, pou nou sanble ak imaj Bondye<sup>2</sup>, epi li fè nou kapab mouri plizanplis annegad peche, pou nou viv nan ladwati<sup>3</sup>.

*1. 2 Tesalonisyen 2:13; 2. Efezyen 4:24; 3. Women 8:1*

**36. Ki benefis ki akonpanye jistifikasyon, adopsyon ak sanntifikasyon oubyen ki benefis ki soti nan yo nan lavi sa a?**

Benefis ki akonpanye jistifikasyon, adopsyon ak sanntifikasyon oubyen ki soti nan yo nan lavi sa a se asirans lanmou Bondye, lapè konsyans, lajwa nan Sentespri a<sup>1</sup>, ogmantasyon lagras<sup>2</sup>, ak pèseverans nan yo jiska la fen<sup>3</sup>.

1. *Women 5:1, 2*; 2. *Pwovèb 4:18*; 3. *1 Jan 5:13*

**37. Ki benefis kwayan yo resevwa nan men Kris lè yo mouri?**

Lè kwayan yo mouri, nanm yo jwenn lapèfeksyon nan lasentete<sup>1</sup>, epi yo pase tou suit nan laglwa<sup>2</sup>. Kò yo menm, ki toujou ini ak Kris, ap repoze nan tonm yo<sup>3</sup>, jis lè rezireksyon an<sup>4</sup>.

1. *Ebre 12:23*; 2. *Filipyen 1:23*; 3. *1 Tesalonisyen 4:14*; 4. *Ezayi 57:2*; 5. *Jòb 19:26*

**38. Ki benefis kwayan yo resevwa nan men Kris nan rezireksyon an?**

Lè rezireksyon an, kwayan yo ki va resisite nan laglwa<sup>1</sup> va jwenn rekonesans devan tout moun epi yo va jwenn delivrans yo nan jou jijman an<sup>2</sup>. Yo va beni nèt ale nan pran plezi yo nan Bondye<sup>3</sup> pou tout letènite<sup>4</sup>.

1. *1 Korentyen 15:43*; 2. *Matye 10:32*; 3. *1 Jan 3:2*; 4. *1 Tesalonisyen 4:17*

**39. Ki devwa Bondye reklame nan men lòm?**

Devwa Bondye reklame nan men lòm se obeyisans volonte li, jan li revele nou li<sup>1</sup>.

1. *Miche 6:8*

**40. Ki premye bagay Bondye te revele lòm kòm règleman pou obeyisans li?**

Règleman Bondye te revele lòm an premye pou obeyisans li, se te lalwa moral<sup>1</sup>.

1. *Women 2:14, 15*

**41. Ki kote nou ka jwenn yon rezime lalwa moral la?**

Nou jwenn rezime lalwa moral la nan dis kòmandman yo<sup>1</sup>.

1. *Detewonòm 10:4*; *Matye 19:17*

**42. Kisa ki rezime dis kòmandman yo?**

Rezime dis kòmandman yo se renmen Seyè a, Bondye nou an, ak tout kè nou, ak tout nanm nou, ak tout fòs nou, ak tout panse nou; epi renmen pwochen nou tankou pwòp tèt pa nou<sup>1</sup>.

1. *Matye 22:37-40*

**43. Kisa ki prefas dis kòmandman yo?**

Nou jwenn prefas dis kòmandman yo nan pawòl sa yo: “*Se mwen menm, Seyè a, Bondye nou an, ki te fè nou soti nan peyi Lejip kote nou te esklav la.*”

*Ekzòd 20:2*

#### **44. Kisa prefas dis kòmandman yo anseye nou?**

Prefas dis kòmandman yo anseye nou ke Bondye se Seyè a, li se Bondye nou, li se Redanmtè nou; poutèt sa nou dwe obeyi tout kòmandman li yo<sup>1</sup>.

*1. Detewonòm 11 :1 ; Lik 1 :74*

#### **45. Kisa ki premye kòmandman an?**

Premye komandman an di: “Piga nou gen lòt bondye pase mwen menm sèlman.”

#### **46. Kisa premye kòmandman an ekzije?**

Premye kòmandman an ekzije nou pou nou konnen epi rekonèt<sup>1</sup> Bondye kòm sèl Bondye ki Bondye tout bon vre a<sup>2</sup>, epi pou nou adore l epi ba li glwa pou sa li ye a<sup>3</sup>.

*1. 1 Kronik 28:9; 2. Detewonòm 26:17; 3. Matye 4:10*

#### **47. Kisa ki entèdi nan premye kòmandman an?**

Premye kòmandman an entèdi nou nye<sup>1</sup> oubyen pa adore epi glorifye Bondye ki tout bon vre a kòm Bondye<sup>2</sup>, epi kòm Bondye nou<sup>3</sup>. Li entèdi nou bay okenn lòt Bondye adorasyon ak laglwa. Se pou li sèlman yo ye<sup>4</sup>.

*1. Sòm 14:1; 2. Women 1:20, 21; 3. Sòm 81:12; 4. Women 1:25.*

#### **48. Kisa pawòl “devan fas mwen” an anseye nou espesyalman nan premye kòmandman an?**

Pawòl ‘devan fas mwen’ nan premye kòmandman an anseye nou ke Bondye ki wè tout bagay, pran nòt sou sa, epi li pa kontan menm avèk peche sa a, ki se peche nou fè lè nou genyen yon lòt Bondye<sup>1</sup>.

*1. Sòm 44: 20, 21*

#### **49. Kisa ki dezyèm kòmandman an?**

Dezyèm kòmandman an di: “Piga nou janm fè ankenn estati ni ankenn pòtre ki sanble bagay ki anwo nan syèl la, osinon bagay ki sou latè ou ankò nan dlo anba tè a. Piga nou adore yo, ni pigas nou sèvi yo. Paske mwen menm, Seyè a, Bondye nou an, mwen se yon Bondye ki fè jalouzi. Lè yon moun rayi m', mwen fè pitit li, pitit pitit li ak pitit pitit pitit li yo peye sa. Men, lè yon moun renmen m', lè li fè sa m' mande l' fè, m'ap moutre l' jan mwen renmen l' tou ansanm ak tout pitit pitit li yo pandan mil jenerasyon. »

*Ekzòd 20:4-6*

#### **50. Kisa dezyèm kòmandman an ekzije?**

Dezyèm kòmandman an ekzije nou resevwa, obsève<sup>1</sup> epi mete an pratik nan yon fason ki pwòp epi san mank tout kalite adorasyon ak òdonans relijye yo, menm jan Bondye te deside sa nan Pawòl li<sup>2</sup>.

1. *Detewonòm 32:46; Matye 28:20; 2. Detewonòm 12:32*

### **51. Kisa dezyèm kòmandman an entèdi?**

Dezyèm kòmandman an entèdi adorasyon Bondye pa mwayen imaj<sup>1</sup> oubyen pa mwayen nenpòt lot bagay Bondye pa chwazi nan Pawòl li<sup>2</sup>.

1. *Detewonòm 4:15, 16; 2. Kolosyen 2:18*

### **52. Ki rezon ki mache ak dezyèm kòmandman an?**

Rezon ki mache ak dezyèm kòmandman an se tout pouvwa Bondye gen sou nou<sup>1</sup>, dwa propriyete li gen sou nou<sup>2</sup>, ak zèl li genyen pou pwòp adorasyon li<sup>3</sup>.

1. *Sòm 95:2, 3; 2. Sòm 45:12; 3. Ekzòd 34:14*

### **53. Kisa twazyèm kòmandman an di?**

Twazyèm kòmandman an di: *“Piga nou sèvi mal ak non Seyè a, Bondye nou an, paske Seyè a p'ap manke pa pini moun ki sèvi mal avèk non li”*

### **54. Kisa twazyèm kòmandman an ekzije?**

Twazyèm kòmandman an ekzije pou nou itilize non Bondye<sup>1</sup>, tit Bondye<sup>2</sup>, pouvwa Bondye<sup>3</sup>, òdonans Bondye<sup>4</sup>, pawòl Bondye<sup>5</sup> ak travay Bondye nan yon fason ki sen epi avèk respè<sup>6</sup>.

1. *Matye 6:9; Detewonòm 28:58; 2. Sòm 68:4; 3. Revelasyon 15:3, 4; 4. Malachi 1:11, 14; 5. Sòm 138:1, 2; 6. Jòb 36:24.*

### **55. Kisa twazyèm kòmandman an entèdi?**

Twazyèm kòmandman an entèdi nou pwofane oubyen mal itilize tout bagay Bondye sèvi pou fè nou konnen kilès li ye<sup>1</sup>.

1. *Malachi 2:2*

### **56. Ki rezon ki mache ak twazyèm kòmandman an?**

Rezon ki mache ak twazyèm kòmandman an se ke menm si moun ki vyole kòmandman sa a ka chape anba pinisyon lèzòm, Seyè Bondye nou an p ap rete gade yo ap chape anba jijman li a ki jis<sup>1</sup>.

1. *Detewonòm 28:58, 59*

### **57. Kisa katriyèm kòmandman an di?**



Katriyèm kòmandman an di: “*Toujou chonje jou repo a pou nou mete l' apa pou mwen. N'a travay sis jou. Lè sa yo n'a fè tou sa nou gen pou fè. Men, setyèm jou a, se jou repo pou nou mete apa pou Seyè a, Bondye nou an. Jou sa a, nou p'ap fè ankenn travay, ni nou menm, ni pitit gason nou, ni pitit fi nou, ni moun k'ap travay lakay nou, ni bèt nou yo, ni etranje ki lakay nou. Paske, Seyè a te pran sis jou pou l' fè syèl la, latè a ak lanmè a ansanm ak tou sa ki ladan yo. Apre sa, sou setyèm jou a, li pran repo. Se poutèt sa, Seyè a beni jou repo a, li mete l' apa pou li. »*

### **58. Kisa katriyèm kòmandman an ekzije?**

Katriyèm kòmandman an ekzije pou nou gade jou Bondye chwazi nan Pawòl li a yon fason ki sen, espesyalman yon jou an antye sou sèt, kòm yon saba ki apa pou Bondye<sup>1</sup>.

1. *Levitik 19:30; Detewonòm 5:12.*

### **59. Ki jou nan sèt jou yo Bondye chwazi kòm saba li, chak semèn?**

Depi kòmansman lemond jouk rive nan rezireksyon Kris la, Bondye te chwazi setyèm jou nan semèn nan kòm saba li, nan chak semèn<sup>1</sup>; e depi rezireksyon an, li chwazi premye jou a kòm saba kretyen yo, e sa ap kontinye konsa jouk rive nan lafen mond lan<sup>2</sup>.

1. *Jenèz 2:3; 2. Travay 20:7; Revelasyon 1:10.*

### **60. Kòman nou dwe sanntifye jou saba a?**

Nou dwe sanntifye jou saba a avèk yon repo ki sen pandan tout jounen an. Menm travay ak anmizman ke lalwa Bondye dakò ak yo pandan lòt jou yo, nou pa dwe fè yo nan jou sa a<sup>1</sup>. Nou sanntifye saba a lè nou pase tout tan nou nan travay adorasyon Bondye an piblik oubyen an prive<sup>2</sup>, esepite tan nou mete apa pou nou fè travay ki vin yon nesese oubyen pou nou fè travay charite<sup>3</sup>.

1. *Levitik 23 :3 ; 2. Sòm 92 :1, 3 ; 3. Matye 12 :11,12*

### **61. Kisa katriyèm kòmandman an entèdi?**

Katriyèm kòmandman an entèdi pou nou bliye oubyen pou nou akonpli ak neglijan devwa Bondye egzije nou yo<sup>1</sup>. Li entèdi nou pwofane jou a nan chita ap kalewès, nan fè peche<sup>2</sup>. Li entèdi nou pwofane jou a nan panse, nan pawòl ak nan travay ki pa nesese swa nan aktivite nou yo nan lavi sa a oubyen nan plezi nou yo<sup>3</sup>.

1. *Malachi 1 :13 ; 2. Ezekyel 23 :58 ; 3. Ezayi 58 :13, 14*

### **62. Ki rezon ki mache ak katriyèm kòmandman an?**

Rezon ki mache ak katriyèm kòmandman an sè ke Bondye pèmèt nou itilize sis jou nan semèn nan pou pwòp aktivite pa nou yo<sup>1</sup>. Li reklame yon jou sou sèt, espesyalman kòm jou pa l<sup>2</sup>. Li bay ekzanp repo a<sup>3</sup> epi li beni jou saba a<sup>4</sup>.

1. *Ekzòd 31:15, 16; 2. Levitik 23 :3 ; 3. Ekzòd 31 :17 ; 4. Jenèz 2 :3*

### **63. Kisa senkyèm kòmandman an di?**

Senkyèm kòmandman an di: “*Respekte manman nou ak papa nou pou nou ka viv lontan nan peyi Seyè a, Bondye nou an, ban nou an*” (Ekzòd 20:12).

### **64. Kisa senkyèm kòmandman an ekzije?**

Senkyèm kòmandman an ekzije nou pou nou prezève lonè chak moun genyen epi pou chak moun kontinye fè travay yo gen pou yo fè nan diferan relasyon yo kòm siperyè<sup>1</sup>, enferyè<sup>2</sup> oubyen egal<sup>3</sup>.

1. *Efezyen 5:21, 22; 6:1, 5; Women 13:1; 2. Efezyen 6:9; 3. Women 12:10*

### **65. Kisa senkyèm kòmandman an entèdi?**

Senkyèm kòmandman an entèdi nou neglije oubyen fè nenpòt bagay ki kont lonè ak devwa tout moun genyen nan diferan pozisyon yo ak nan relasyon yo<sup>1</sup>.

1. *Women 13:7, 8*

### **66. Ki rezon ki mache ak senkyèm kòmandman an?**

Rezon ki mache ak senkyèm kòmandman an se yon pwomès lavi long ak pwosperite (tout tan sa dwe sèvi pou laglwa Bondye ak pou pwòp byen pa yo) pou tout sila yo ki obsève kòmandman sa a<sup>1</sup>.

1. *Efezyen 6:2, 3*

### **67. Kisa sizyèm kòmandman an di?**

Sizyèm kòmandman an di: “*Piga nou touye moun*” (Ekzòd 6:13)

### **68. Kisa sizyèm kòmandman an ekzije?**

Sizyèm kòmandman an ekzije pou nou fè tout efò ki dwat devan lalwa pou nou prezève pwòp lavi<sup>1</sup> pa nou ak lavi lòt moun<sup>2</sup>.

1. *Efezyen 5:28, 29; 2. Sòm 82: 3, 4; Jòb 29:13.*

### **69. Kisa sizyèm kòmandman an entèdi?**

Sizyèm kòmandman an entèdi nou retire pwòp lavi pa nou<sup>1</sup>, osinon lavi pwochen nou<sup>2</sup>, nan yon fason ki pa jis; li entèdi tout bagay ki mennen nou menm osinon pwochen nou nan lanmò<sup>3</sup>.

1. *Travay 16:28; 2. Jenèz 9:6; 3. Pwovèb 24:11, 12*

### **70. Kisa setyèm kòmandman an di?**

Setyèm kòmandman an di: “*Piga nou fè adiltè*” (Ekzòd 16:14).

### **71. Kisa setyèm kòmandman an ekzije?**

Setyèm kòmandman an ekzije pou nou pwoteje repitasyon<sup>1</sup> pa nou ak repitasyon pwochen nou<sup>2</sup> nan kè nou<sup>3</sup>, nan pawòl nou<sup>4</sup> ak nan konpòtman nou<sup>5</sup>.

1. 1 Tesalonisyen 4:4; 2. Efezyen 5:11; 3. 2 Timote 2:22; 4. Kolosyen 4:6; 5. 1 Pyè 3:2

## **72. Kisa setyèm kòmandman an entèdi?**

Setyèm kòmandman an entèdi tout panse<sup>1</sup>, pawòl<sup>2</sup> ak asyon ki pa pwòp<sup>3</sup>.

1. Matye 5:28; 2. Efezyen 5:4; 3. Efezyen 5:3.

## **73. Kisa yuityèm kòmandman an di?**

Yuityèm kòmandman an di : « *Piga nou pran sa ki pa pou nou.* »

## **74. Kisa yuityèm kòmandman an ekzije?**

Yuityèm kòmandman an ekzije nou pou nou pwokire epi itilize nan yon fason ki dwat richès nou, kondisyon materyèl<sup>1</sup> nou ak pa lòt moun<sup>2</sup>.

1. Women 12:17; Pwovèb 27:23; 2. Levitik 25:35; Filipyen 2:4

## **75. Kisa yuityèm kòmandman an entèdi?**

Yuityèm kòmandman an entèdi tout bagay ki anpeche oubyen ki ka anpeche richès pa nou<sup>1</sup> ak pa pwochen nou oubyen kondisyon materyèl pa nou ak pa pwochen nou nan yon fason ki pa dwat<sup>2</sup>.

1. 1 Timote 5:8; 2. Pwovèb 28:19; 21:6; Jòb 20:19, 20.

## **76. Kisa ki nevyèm kòmandman an?**

Nevyèm kòmandman an di: “*Piga nou bay manti sou frè parèy nou.*”

## **77. Kisa nevyèm kòmandman an ekzije?**

Nevyèm kòmandman an ekzije pou nou prezève la verite epi fè pwomosyon pou laverite ant yon moun ak yon lòt moun<sup>1</sup>; pou nou prezève epi fè pwomosyon pou repitasyon pa nou<sup>2</sup> ak repitasyon pwochen nou<sup>3</sup>, espesyalman nan zafè sèvi temwen<sup>4</sup>.

1. Zakari 8:16; 2. 1 Pyè 3:16; Travay 25:10; 3. 3 Jan 12; 4. Pwovèb 14:5, 25

## **78. Kisa nevyèm kòmandman an entèdi?**

Nevyèm kòmandman an entèdi tout bagay ki ka deranje laverite<sup>1</sup> oubyen ki nwizib pou repitasyon nou<sup>2</sup> ak repitasyon pwochen nou<sup>3</sup>.

1. Women 3:13; 2. Jòb 27:5; 3. Sòm 15 :3

## **79. Kisa ki dizyèm kòmandman an?**

Dizyèm komandman an di: “*Piga nou pote lanvi sou sa ki pa pou nou: ni sou kay frè parèy nou, ni sou madanm li, ni sou moun k'ap sèvi lakay li, ni sou bèf li, ni sou bourik li, ni sou ankenn lòt bagay ki pou frè parèy nou.*”

### **80. Kisa dizyèm kòmandman an ekzije?**

Dizyèm kòmandman an ekzije nou pou nou kontante nou nèt ak pwòp kondisyon nou<sup>1</sup>, pou nou gen yon karaktè ki dwat epi ki moutre lanmou pou pwochen nou ak pou tout sa ki pou li<sup>2</sup>.

1. *Ebre 13:5*; 2. *Women 12:15*; 1 *Korentyen 13:4-6*

### **81. Kisa dizyèm kòmandman an entèdi?**

Dizyèm kòmandman an entèdi nou pou nou pa kontante nou avèk pwòp kondisyon nou<sup>1</sup>; li entèdi nou pote lanvi sou byen pwochen<sup>2</sup> nou oubyen pou nou chagren sou yo. Li entèdi tout santiman oubyen panchan ki pa kòrèk sou sa pwochen nou genyen<sup>3</sup>.

1. *1 Korentyen 10 :10* ; 2. *Galat 5 :26* ; 3. *Kolosyen 3:5*

### **82. Èske gen yon moun ki ka respekte kòmandman Bondye yo san mank?**

Depi lòm tonbe nan peche a, pèsòn nan lavi sa a pa kapab obsève kòmandman Bondye yo san mank<sup>1</sup>. Okontrè yo vyole yo chak jou nan panse yo<sup>2</sup>, nan pawòl yo<sup>3</sup> ak nan aksyon yo<sup>4</sup>.

1. *Ekleziyas 7:20*; 2. *Jenèz 8:21*; 3. *Jak 3:8*; 4. *Jak 3:2*

### **83. Èske tout vyolasyon lalwa yo abominab nan menm degre?**

Kèk peche nan yo menm menm, paske yo vin grav pou plizyè rezon, yo pi abominab devan je Bondye pase kèk lòt peche<sup>1</sup>.

1. *Jan 19:11*

### **84. Kisa tout peche merite?**

Tout peche merite kòlè ak madichon Bondye, ni nan lavi sa a ni nan lavi k ap vini an<sup>1</sup>.

1. *Galat 3 :10* ; *Matye 21 :41*.

### **85. Kisa Bondye ekzije pou nou kapab chape anba kòlè ak malediksyon li, akòz peche nou yo?**

Pou nou kapab chape anba kòlè ak madichon Bondye poutèt peche nou yo, Bondye ekzije pou nou genyen lafwa nan Jezi Kris, pou nou gen repantans ki bay lavi a<sup>1</sup>, epi pou nou fè tout efò pou sèvi ak mwayen sa yo Kris la sèvi pou ban nou byenfè redanmsyon an<sup>2</sup>.

1. *Travay 20 :21* ; 2. *Pwovèb 2 :1-5*.

### **86. Kisa lafwa nan Jezi Kris ye?**

Lafwa nan Jezi Kris se yon gras ki sove nou<sup>1</sup>. Lè nou gen gras sa a nou resevwa<sup>2</sup> Jezi Kris epi nou konte sou limenm sèlman pou sove nou<sup>3</sup>, jan levanjil la ofri nou sa<sup>4</sup>.

1. *Ebre 10 :39* ; 2. *Jan 1 :12* ; 3. *Filipyen 3 :9* ; 4. *Ezayi 33 :32*

### **87. Kisa repantans ki bay lavi a ye?**

Repantans ki bay lavi a, se yon gras ki sove nou<sup>1</sup>. Lè yon pechè gen gras sa a, li pran konsyans ke li se pechè<sup>2</sup> tout bon vre, epi li wè mizèrikòd Bondye genyen pou li nan Kris<sup>3</sup>. Lè sa a avèk chagren nan kè li pou peche a epi paske li rayi peche a, li tounen vin jwenn Bondye<sup>4</sup> pou l kapab mache nan yon obeyisans ki nouvo epi pou l kapab fè efò pou sa<sup>5</sup>.

1. *Travay 11 :18* ; 2. *Travay 2 :37* ; 3. *Jowèl 2 :13* ; 4. *Jeremi 31 :18, 19* ; 5. *Sòm 119 :59*

### **88. Ki mwayen vizib e òdinè Kris sèvi pou kominike nou byenfè redanmsyon an?**

Mwayen vizib e òdinè Kris sèvi pou kominike nou byenfè redanmsyon an se òdonans li yo, espesyalman Pawòl la, sakreman yo ak lapriyè<sup>1</sup>; li rann tout bagay sa yo efikas pou moun li chwazi yo pou yo kapab sove.

1. *Travay 2 :41, 42*

### **89. Kòman Pawòl la vin efikas pou sove nou?**

Lespri Bondye fè lekti Pawòl la, men espesyalman predikasyon Pawòl la, vin yon mwayen efikas pou konvenk pechè yo<sup>1</sup>, konvèti yo, epi bati yo nan lasentete ak nan rekonfò<sup>2</sup> pa lafwa, pou yo kapab sove<sup>3</sup>.

1. *Sòm 19 :8* ; 2. *1 Tesalonisyen 1 :6* ; 3. *Women 1 :16*

### **90. Kòman nou dwe li epi tande Pawòl la pou l ka vin efikas pou sali nou?**

Pou Pawòl la ka vin efikas pou sali nou, nou dwe konsakre nou pou li avèk dilijans<sup>1</sup>, preparasyon<sup>2</sup> ak lapriyè<sup>3</sup>; nou dwe resevwa l ak lafwa<sup>4</sup> epi ak lanmou<sup>5</sup>; nou dwe sere l nan kè nou<sup>6</sup> epi aplike l nan lavi nou<sup>7</sup>.

1. *Pwovèb 8 :34* ; 2. *1 Pyè 2 :1, 2* ; 3. *Sòm 119 :18* ; 4. *Ebre 4 :2* ; 5. *2 Tesalonisyen 2 :10* ; 6. *Sòm 119 :11* ; 7. *Jak 1 :25*

### **91. Kòman sakreman yo vin yon mwayen efikas pou sali nou?**

Sakreman yo vin yon mwayen efikas pou sali nou, se pa paske gen yon bagay ki bon nan yo, oswa nan moun k ap administre yo a<sup>1</sup>, men se sèlman akòz benediksyon Kris la ak travay Sentespri a nan moun ki resevwa yo pa lafwa<sup>2</sup>.

1. *1 Korentyen 3 :7* ; 2. *1 Pyè 3 :21*

### **92. Kisa yon sakreman ye?**

Yon sakreman se yon òdonans ki sen ke Kris la te mete. Nan sakreman an, avèk siy ki frape sans nou yo, nou jwenn reprezantasyon, nou jwenn so ak aplikasyon travay Kris la ak tout benefis nouvel alyans lan<sup>1</sup> pou kwayan yo<sup>2</sup>.

1. *Jenèz 17:10*; 2. *Women 4:11*

### **93. Kisa sakreman Nouvo Testaman yo ye?**

Sakreman Nouvo Testaman yo se batèm<sup>1</sup> ak lasentsèn<sup>2</sup>.

1. *Mak 16:16*; 2. *1 Korentyen 11:23*

### **94. Kisa batèm ye?**

Batèm se yon sakreman. Nan sakreman sa a, lavaj ak dlo a nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a<sup>1</sup> vle di Bondye mete so l sou nou epi li grefe nou sou Kris. Li vle di patisipasyon nou nan benefis alyans lagras la<sup>2</sup> ak angajman nou pran pou nou vin moun Seyè a<sup>3</sup>.

1. *Matye 28 :19* ; 2. *Women 6 :3* ; 3. *Women 6 :4*

### **95. Ki moun ki kapab resevwa batèm?**

Okenn moun ki andeyò legliz vizib la pa dwe resevwa batèm, jiskaske yo deklare lafwa yo nan Kris epi yo pran desizyon pou obeyi li<sup>1</sup>. Men, timoun ki pitit manm legliz vizib la dwe batize<sup>2</sup>.

1. *Travay 2:41*; 2. *Jenèz 17:7, 10*; *Travay 2:38, 39*

### **96. Kisa lasentsèn ye?**

Lasentsèn se yon sakreman. Ladan l, lè yo bay oswa lè nou resevwa pen an ak diven an, jan Kris te kòmande sa, nou montre lanmò li<sup>1</sup>. Moun ki resevwa yo nan yon fason ki diy, san se pa nan yon fason dapre lachè men pa lafwa, yo patisipe nan kò ak nan san Kris la, avèk tout benefis li genyen, pou nouriti espiyèl yo epi pou yo grandi nan lagras<sup>2</sup>.

1. *Lik 22:19, 20*; 2. *1 Korentyen 10:16*

### **97. Kisa ki ekzije pou yon moun patisipe nan lasentsèn nan ak diyite?**

Sila yo ki dwe patisipe ak diyite nan lasentsèn nan gen ekzijans pou yo ekzamine tèt pa yo sou konesans yo, pou yo kapab disène kò Seyè a<sup>1</sup>. Yo dwe ekzamine tèt yo sou lafwa yo<sup>2</sup>, pou yo kapab nourri yo nan li; sou repantans yo<sup>3</sup>, lamou yo<sup>4</sup> ak obeyisans nouvo yo<sup>5</sup>. Sinon yo va pwoche bò tab la nan yon jan ki pa diy epi yo va manje e bwè yon jijman kont pwòp tèt pa yo<sup>6</sup>.

1. *1 Korentyen 11:28, 29*; 2. *2 Korentyen 13:5*; 3. *1 Korentyen 11:31*; 4. *1 Korentyen 11:18*; 5. *1 Korentyen 5:8*; 6. *1 Korentyen 11:27*.

### **98. Kisa lapriyè ye?**

Lapriyè se ofri bay Bondye<sup>1</sup> dezi kè nou pou bagay ki agreyab nan volonte li<sup>2</sup>, nan non Kris la<sup>3</sup>, avèk konfesyon peche nou yo<sup>4</sup>, epi ak remèsiman e rekonesans pou mizerikòd li yo<sup>5</sup>.

1. Sòm 62:9; 2. Women 8:27; 3. Jan 16:23; 4. Danyèl 9:4; 5. Filipyen 4 :6

### **99. Ki règ Bondye ban nou pou direksyon nou nan lapriyè?**

Tout pawòl Bondye a se règleman nou pou direksyon nou nan lapriyè<sup>1</sup> ; men règleman espesyal pou direksyon nou se fòm priyè sa a Kris la te anseye disip li yo e ke nou toujou rele « *Lapriyè Seyè a* »<sup>2</sup>.

1. 1 Jan 5 :14 ; 2. Matye 6 :9

### **100. Kisa prefes Lapriyè Seyè a anseye nou?**

Prefas lapriyè Seyè a ki se “Papa nou ki nan syèl la,” anseye nou pou nou pwoche kote Bondye avèk tout respè ki sen epi avèk tout konfyans<sup>1</sup> tankou nou pwoche kote yon papa<sup>2</sup> ki kapab epi ki pare pou ede nou<sup>3</sup>. Li anseye nou ke nou bezwen priye pou lòt yo epi avèk yo<sup>4</sup>.

1. Ezayi 64 :8 ; 2. Lik 11 :13 ; 3. Women 8 :15 ; 4. Efezyen 6 :18

### **101. Poukisa nou priye nan premye rekèt la?**

Nan premye rekèt la ki se: “*Nou mande pou yo toujou respekte non ou,*” nou priye pou Bondye pèmèt nou menm ak lòt yo kapab bay Bondye glwa nan tout bagay li fè nou konnen li<sup>1</sup> epi pou Bondye sèvi ak tout bagay pou pwòp glwa li<sup>2</sup>.

1. Sòm 67 :2, 4 ; 2. Women 11 :36

### **102. Poukisa nou priye nan dezyèm rekèt la?**

Nan dezyèm rekèt la ki se: “ *Vin tabli gouvènman ou,*” nou priye pou wayòm satan detwi<sup>1</sup> epi pou wayòm lagras la<sup>2</sup> ka avanse; pou nou menm ak lòt yo<sup>3</sup> ka antre ladan l epi rete ladan l. Nou priye pou wayòm laglwa a ka prese vini<sup>4</sup>.

1. Sòm 68 :2 ; 2. Sòm 51 :18 ; 3. 2 Tesalonisyen 3 :1 ; Women 10 :1 ; 4. Revelasyon 22 :20

### **103. Poukisa nou priye nan twazyèm rekèt la?**

Nan twazyèm rekèt la ki se: “ *Se pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l' nan syèl la,*” nou priye pou Bondye, nan gras li, fè nou kapab epi fè nou gen volonte pou nou konnen, obeyi<sup>1</sup> epi soumèt nou anba volonte li nan tout bagay<sup>2</sup>, tankou zanj yo fè sa nan syèl la.

1. Sòm 119 :34-36 ; Travay 21 :14 ; 2. Sòm 103 :20, 22.

### **104. Poukisa nou priye nan katriyèm rekèt la?**

Nan katriyèm rekèt la ki se “*Manje nou bezwen an, ban nou l' jòdi a,*” nou priye pou nou ka resevwa yon gwo pòsyon nan bon bagay nan lavi sa a<sup>1</sup> pa mwayen kado gratis Bondye epi pou nou kapab jwi benediksyon li avèk yo<sup>2</sup>.

1. *Pwovèb 30 :8 ; 2. Sòm 90 :17*

### **105. Poukisa nou priye nan senkyèm rekèt la?**

Nan senkyèm rekèt la ki se ” *Padonnen tout sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal,*” nou priye pou Bondye padone tout peche nou yo gratis akòz Kris<sup>1</sup>. Ankò plis nou ankouraje mande sa, paske ak gras li nou vin kapab padone lòt yo nan kè nou<sup>2</sup>.

1. *Sòm 51 :3 ; 2. Matye 6 :14*

### **106. Poukisa nou priye nan sizyèm rekèt la?**

Nan sizyèm rekèt la ki se : ”*Pa kite nou nan pozisyon pou n' tonbe nan tantasyon, men, delivre nou anba Satan,*” nou priye pou Bondye pwoteje nou kont tantasyon peche<sup>1</sup> oubyen pou l soutni nou epi delivre nou lè nou nan tantasyon<sup>2</sup>.

1. *Matye 26 :41 ; 2. Sòm 51 :12, 14.*

### **107. Kisa konklizyon Lapriyè Seyè a anseye nou?**

Konklizyon lapriyè Seyè a ki se : ” *Paske, se pou ou tout otorite, tout pouvwa ak tout lwanj, depi tout tan ak pou tout tan. Amèn,*” anseye nou pou nou pran ankourajman nou nan lapriyè, nan Bondye<sup>1</sup> sèlman epi pou nou ba li louwanj nan priyè nou yo lè nou rekonèt se pou li wayòm nan, puisans ak laglwa<sup>2</sup> ye. Pou nou rann temwayaj sou sa ke nou dezire, epi ak asirans nou genyen ke Bondye tande priyè nou, nou di : Amèn.

1. *Danyèl 9 :18, 19 ; 2. 1 Kwonik 29 :11, 13 ; Revelasyon 22 :20*

Lagonav, 18 Janye 2012  
Tradiksyon: Octavius Delfils